# Беруний көшелери асфалтланбақта

Image not found or type unknown

«Абат аўыл» ҳәм «Абат мәҳәлле» мәмлекетлик бағдарламасы шеңберинде ишки хожалық жолларында күнделикли оңлаў жумыслары,  соннан ШПС (қум-шебен араласпасы) төсеў ҳәм асфалт жатқарыў бойынша Беруний районы жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы тәрепинен тийисли жумыслар алып барылып атыр.

Атап айтқанда,  жақында Дослық аўыл пуқаралар жыйыны аймағындағы Китап ҳәм Афрасияб көшелерине мәмлекетлик бағдарлама орынланыўын тәмийнлеў бағдарында асфалт төселди.

Буннан тысқары Хорезм,  Жайхун,  Наўайы,  Гүлистан,  Шаббаз,  Бирлик,  Бостан мәкан пуқаралар жыйынлары аймағында жайласқан ишки хожалық жолларында да мәмлекетлик бағдарлама шеңберинде қурылыс-оңлаў жумысларын алып барыў белгиленген еди.

**Қарақалпақ Автожол**